- ПСЫР яГъэбыдэным ыбжьхьэ зиIэ щхьэусыгъуэ иIэщ. «Бахьсэн къалэ псы кIэнауэ» МУП-м яхуищIа Iуэхутхьэбзэхэм щхьэкIэ щIыхуэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 1-м ириплъэпIэу щыIыхуэу къэтхуар сом мелуан 13 мэхьу. Апхуэдэ щытыкIэм къыхэкIыу а предприятэм Iэмал игъуэтырхьым энергетикэм якIыхуаутIыпща электрокъарум и пщIэр и зэманым яритыну, налог инспекцэм, нэгъуэщI органэхэм яIэрыхьэн хуей ахъшэр яхуигъэкIуэну, хэкъутыкIэр зэрызригъэпэщыжьын пкъыгъэхэр, насосхэр гъэтIылъыгъэ ищIыну. Километр 232-рэ и кIыхьаргъуэ уэрамхэм щыукъуэдия бжьамийхэм я процент 60-р жьыщи адэ-мыдзкIэ кьыщыпхеуд, апхуэдэхэр зэрагъэпэщыжьыкIэ щхьэкIи зэман гуэркIэ псыр IуамыщIэу хъуркъым. Мы щытыкIэм кьикIын щхьэкIэ щIыхуэ зыхуэзэтрихьэхэм ахэр ирагъэпшныжьынымэ хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр ялэжь. 2007 гъэм Бахьсэн къалэм жыз хьуа бжьамийхэу метр 3050-рэ щыззрахьэжащ, мы гъэм я мурадщ сом мелуани 4-м щIигъу и уасэ щыззрахьэжкIыну.

**ДЖАЛАДЫ Илъ.**

*Бахьсэн къалэ.*

**●Пшыхьэр**

# «Си жьэгу пащхьэ»

**Бахьсэн къалэм дэт 1-нэ прогимназием щекIуэкIащ «Си жьэгу пащхьэ» зыфIащащ зэIущIэ.**

АР СЫТ и лъэныкъуэкIи хуэгъэпсат цIыхум и гъащIэм унагъуэм щыубыд мыхьэнэр зэрыиным. Къалэта Iуэхур нэхъ кууу кьэгъэльэгъуа хъун папщIэ кьыззрэгъэпащакIуэхэм щхьэусыгъэ щащ «Нарт» эпосым щыщ едзыгъуэхэр. Кьыззэхуэсахэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ 1-нэ, 3-нэ классхэм щеджэ цIыкIуэхэр щыджэгуа спектаклыр, нарт Бэдынокъуэ и кьыбархэм кьыгъэщIащ. Ар адыгэбзэкIи урысыбзэкIи хьэщIэхэм я пащхьэ щагъэльэгъуащ. ЕгъэджакIуэхэр тепсэлъыхьащ нарт хьыбархэм кьыхьэщ унагъуэ зэхущытыкIэ дахэм и куп-пщIэр сыт хуэдэ зэманми зэрекIуэр, ирехьу ар нэхъыжьым игъуэтыпхъэ пщIэ е быным и гъэсэныгъэ. ЕджакIуэ цIыкIуэхэр кьеджащ унагъуэм, адэ-анэхэм, анэшхуэ-адэшхуэхэм х

# Зэчийкlэ Тхьэм хиlэтыкlа Шал Мухьэмэд 60

● Дифі догъэлъапlэ

## Гъащlэм щынэхъыщхьэр пэжыгъэрщ

***Шал Мухьэмэд Бахьсэн куеим хыlхэ Куба кьуажэм къышлатlэуащ. Курыт еджапlэр хьарзынэу кlыуа кlыжь, ар щlэтlысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Iэщlагъэкl ныбжьыщlэм гъжьэн щыщlидзащ «Коммунист» районгазетым, нужькlэ радиом играгъэблагъэрэ, нтъэситlкlэ абы ирыщащ. 1975 гъэм «Адыгэ псалъэ» (абы щыгъуэ «Ленин гъуэгу») газетым и корреспондент хъуащ. Зэрфякl зиlэ щlалэ жаныр газет Iуэхум щlжыгу хозагъэ. Абы и кьалэмыпэм кьыщlэкlыу хуежьащ жанр зэхуэмыдэхэм нт тхыгъэ купщlафlэхэр, ахэр нэмэхъуэщым, жылагъуэ гъащlэм теухуауэ нрехьу, щэнхабзэм е къэрал ухуэныгъэм ехьалlауэ щрет. Итъэси 10-м нэсауэ Шалыр и унафэщlу газетым политикэмкlэ, жылагъуэмрэ гъэпкъ Iуэхуэмкlэ и къудамэм. Газетым зэрыщылажьэрэ пщэрыпть планыр щымыгъэззэща, кьалэн щащар гъэмэму щыгъэфlымыгъэжlа кьэхъуажьым.*

*«Зынрыт Iэщlагъэм кьыхуатlэуа» жы-*

*хуаlэ щыхуэхэм, хуэздэщ Шалыр, - хужаlэ абы. А псалъэхэр зэрыпэжыр хьэмхьыгъи фlэщ щхьэ Мухьэмэд и Iыдакъэщlэкlэм щыгъуаз зыпщlа нэужь. Публицист Iэзэр, зи унафэщl къудамэм щеиIуэжl дзэжьыгъэм и кьыхэгъэпэщакlуэ гумызагъэр и гуащlэдэкl хьэлэлым папщlэ мызэ-мытlэу ягъэпэжащ щыгъэхъу тхыльхэмэр и Iыдаскауатъэхэмкlэ. 2003 гъэм, КъБР-м и Президентым и Унафэкlэ, Шалым кьыхуагъэфэщауэ щытащ «КъБР-м щыхьэ зиlэ и журналист» цlэ лъапlэр.*

*Шалыр унагъуэщ. И щхьэгъусэ Хьэуа цlыхуэм пщlэ зыхуащl бзыльхугъэщ, я бынхуэ ФатIимэрэ Алимрэ школакlуэхэщ, едджэнигъэм хуэзэжьыщ.*

*Побэ Мухьэмэд и ныбжьыр итъэс 60 прокlуу. И махуэхуэм и пэ кьыкlуэу ди лэжьэгъу, ныбжьэгъу нэхъыщхьэ, цlыху псэ кьабзэм нкlи хьэлэлым и гъащlэмрэ гъжьы-гъэмрэ теухуа уущ зыбжанкlэ зыхуэдгъэзащ.*

«КъБР-м щыхь зиlэ и журналист» цlэ лъапlэмкlэ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Валерий къо хьуэжь.
*2003 гъэ*

Тхьэмокъуэ Барэсбий, Шал Мухьэмэд, Тхьэзэплъ Хьэсэн, Хьэжыкъарэ Алик сымэ.
*2008 гъэ*

**● Дифі догъэлъапlэ**

# ГъащIэм щынэхъыщхьэр пэжыгъэрщ

***- Мухьэмэд, уи сабингъуэр зауэ нэужь итъэс хьэтъэхэм хнубыдащ. А гъэхэм зэгъуэгъэ дригъэпlъэжыгъ.***

- Псори дыщыгъуаз Хэку зауэшхуэм къыкlэлъыкlуа лъэхъэнэр ди къэралым и гъуэгуанэ гугъуэхэм зэращыщам. Зи сабингъуэр абы хнубыда дэтхэнэми а зэманыр тыншу щытауэ жиlэфынукъым. Сэ сызыкlалхуар мэкъумышыщlэ унагъуэт. Си адэ Кьасым Хэку зауэшхуэм хэтащ, и псэ емыблэжу бийхэм япэщlэтащ. 1945 гъэм зыкъэ нухамэ, ар щалъхуа щlыпlэм заншlэу къэкlуэжьыфакъым: ухуакlуэ батальон гуэрым хэхуэри, идкьыри иlъэситlкlэ Хэкум кlуылыкlу хунщlащ. Езым нужькlэ кьыхэзрыжжlэжу щытамкlэ, унэмкlэ и псэр кьеlэр ти, а зэманыр нэхъ кьехъэлъэкlат. Адэ-мыдэкlэ ядэ зэпыту зэрыщытамэ кьыхэкlыу, абы и зауэ дамыгъэхэм ящыщ куэди фlэкlуэдат, дэфтэрэхэр кьыхэуэрэри.

И кьуажэм зауэм ныбжьэжа нэужькlи си адэм унагъуэ щызэгурыгъэпщащ. Абы щыгъуэ ар лIыпlэ нуваклэт. Си анэ Марьян Хьэ тэжьыкlуэхэ ятlонэрэ Шордакъ щыщт. Зэщхьэгъуэзэхэм быну зэдагъуэтар си закьуэщ. Щэч хэмылъу, сыт щыгъуэ сехъуэпсащ къуэш е щыпхъу зиlэхэм, ноби аращ... Тхьэшхуэр анэкъпльхуэкlэ кьыхэхуэмыlупсами, ныбжьэгъуфlэ куэдкlэ кьыхэзгъакlуэ, абыкlи шыкур хузощl. Ныбжьэгъугъэр, щlыхуэгъэр, пэжыгъэр гъащlэм щынэхъ лъапlэ Iуэхугъуэхэм ящыщу сыт щыгъуэ кьызолытъэ. Аращ сызыщlапlыклар си адэ-анэм, школым щызиlа егъэджакlуэ хэми сызыхуагъэсар.

**- Мухьэмэд, школ гъащlэм сыт хуэдэу унгу кьинна? Тхьэцыр гу зэрыхуэщlар уи егъэджакlуэхэм е фlыгъэ?**

- А илъэсхэр зэи сщымыгъупщэжыну си гум кьинна Iэфlыгъэхэм ящыщщ. Сощlэж: ди гъунэгъу фызыжькlэ Iумахуэ гуэрым школым срикlуэну лъэхъэтэн вакъэрэ джанэ-гъунэщэжрэ схундри, а щlэрыщlэ-хэр зэрысщыгъым хуабжьу зиризгъащlагъуэу, къэлтъмакъыр си плIэм фlэдзауэ школым япэу сыкlуауэ щытащ. Арат абы щыгъуэ си схуэдэ ныбжьыщlэ псори зыхуэкъулейр. Дунейр щэджагъэдэт, тхъэмышщlагъэмрэ мэкъэщlагъэмрэ дзэнкlи щытепщэт. Дэ жэм диlэти, ар лъхуэуэ гъэшI дыщиlэ лъэхъэнэр ди Iутlыкт. Адрейм шей кьаримрэ чыржьки Iыхьмрэт ди Iэнэм тельыр. Ауэ ари фlыгъэшхуэт - нэхъ Iенжхэри щыIэт.

Ауэрэ дунейри нэхъыфlкlэ хьужащ, цlыхуэмэ зыхуэн нэхъ ягъуэту хуежьащ. Дызэрытхэндызэреджэнкlэ зэпэщ дыдэу дыщымытми, ныбжьыщlэхэр ешхуэпсауэ дыгуфlэрт школым дызэрыкlуэм щхьэкlэ. Ди Iэм шакъэр кьыфlэжу, абыкlэ ди щыгъэм тlэкlур дуцlэпlыкъауэ Iэджэрэ дыкъэзкlуэжырт, ауэ абыи Iенщэу дигъэпlейтейр-тэкъым. Ди дежкlэ нэхъыщхьэр нэгъэщlэт: егъэджакlуэхэм кьыгъэхуэфащэ, дунейр - тхьэлъым, щэнхыгъэм я дунейр - хуабжьу тфlэхьлlэмэтт. Яlъэкl псори я гъэсэнхэм кьыхэтlэльащ ди егъэджакlуэ щытахэу Къанкъуел Iэмдулчэрим, Уэщхьэн зэщхьэгъуэзэхэу Музэфаррэ Жанэрэ, Соколовский Владимир, Куйбышев Петр, нэгъуэщlэмэ. Ахэращ сэ тхылъыр фlыуэ сэзыгъэгъэпlэуар, лъэпкъ Щэнхабзэм, щэныгъэм и гъуэгум сытезышар.

Еджэкlэ щызэзгъэщlагъэщlэм сэр-сэру япэ дыдэу сызэджар «Партизанкlэ». А тхылъыр ди егъэджакlуэ Уэщхьэн Музэфарэр ялэн, я унэ сыкlуэрэ седжэу щытащ. Нужькlэ ди къуажэм дэт библиотекэм зезгъэтхэри, абы щlэлъ тхылъэм седжэу щlэзгъащ. Ахэр си ныбжьым теухуауэ кьыхсухуихьрт библиотекэм и гъэкlалIэм. 8-нэ классыр кьыщыдзухым щыгъуэ а библиотекэм зы тхылъыщхьэкlэ си семыджауэ, си кьэухым кьызэрытlысхьащ библиотекэм хуэдэу анализ сымыщыкlауэ. Ар кьыхсуачэкlэ Iэщlагъэрт си адэ-анэми, сесызгъаджэхэми, кьызэдеджэхэми. Сэри абыхэм я псалъэ гуапэхэм нэхъри сытрагъэгушхуэрт.

Ауэрэ тхэным сыдихьащ. Си апэ информацыр республикэ газетым кьыщыхтехуам щыгъуэ, сэ 8-нэ классым сыщlэст. Ар теухуауэ щытащ ди Куба кьуажэм дэт джэд фермэм и гъэкъэгъэн. «Джэдыхьуэкlэ йогугъу» фlэщыгъэ щlэр иIэу къэстха тхыгъэ щыкlур газетым кьызэрытехуам гушхэныгъэ кьыхсилтхьэри, кьуажэм щекlуэкlэ Iуэхэм ятеухуа хъыбарэр щlэхщхьэуэрэ кьэстх хъуащ. Абы кьыдэкlуэу, районым кьыщыдэкl «Коммунист» газетми «Советская молодежь» республикэ газетми сытхэрт. 9-нэ классым сыщыщlэсым щыгъуэ «Обидно за Родину» псалъащхьэр иIэу тхыгъэ «Молодежь» кьыгъэзгъащlэуэ щытащ. Абы зи гугъу щыщlыр мырат: Нэгуэмэ и фэелъ сыныр зыдэт пщlантlэм жуэм абы щыпlлым, щэнныгъэм я дунейр - хуабжьу гъэпсыгъэ. Iуэрэ сиlаз, си гъащlэм хъуат ди пъэпкъыпl щджащэм и фэелъым абы фlэкlа пщlэ зэримыIэр. Статьяр газетым кьыпехуа нэужь, ефIуаем мазПетр, нэгъуэщlэмэ. Ахэращ сэ тхылъыр фlыуэ сэзыгъэгъэпlэуар, лъэпкъ Щэнхабзэмкlэ дэт унэм и бжэIупэм ягъэIэпхуащ, нужькlэ, Кьрыт едджапlэ № 2-р. Iуэхуэри, абы и пщlантlэм щагъэзыбауэ ноби абы дзщ. А Iуэхугъуэм и ужькlэ «Коммунист» газетым сыкъаригъауэ щытащ штатным хэмыт я корреспондент.

**- Кьызэрыщlэкlымкlэ, курыт школыр кьыщыбухам щыгъуэ зэ кьыхуиджIэт узыхуежьэну Iэщlагъэр?**

- Нтlэ. Ат естатыр кьызэрыслэрыхьауэ, сэ си дэфтэрхэр Москва МГУм и журналистикэм кlэ и факультетым езгъэхьащ, арщхьэкlэ кlэщlу письмо кьызсIэрыльхэращ, а Iэщlагъэм сыхуеджэн щхьэкlэ лэжьыгъэ сгъакlуэ щытащ сиlэт сиlэн хуеину. Кьыхсуачэкьыжа си тхылъэр КъБКъУм и тхыдэ-филологие факультетым естащ. Кьэпщынтэнигъэкlэ екъуlэнэныгъэкlэ ста нэужь, гъэщlэгъуэн хуэд зыпыlъа студент гъащlэ хьэлэмэтым щIидзащ. Пэжыр жыlIэнуэ, фlы дыдэу еджа-хэм сахэтакъым, ауэ кьыкlэхьрыхэми сащыщакъым. Тхьыгъеджэныр сыт щыгъуэ къаухуэа дэтхэнэ зыми хуэдэу, Мухьэмэд сабингъуэ тынщ иlакъым. Гугъу екъащ ар и студентыгъуэми. Куба щыхуэ махуэ кьэхъ укъыкlуэ уеджэнрэ икъукlэ хьэлъэт, арщхьэкlэ гугъуехьхэм кьапикIуэту емыса щlалэр я псоми пэлъэщащ, еджэнри адэ-анэм ядэIэпыкъуэри мыбейуэ зэфlихьу.

Илъэс къуэщрихьэкlащ Мухьэмэд «Адыгэ псалъэ» газетым, кьалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зэрихъуэкlыу, псэемыблэжу лъэпкъым хуэлажьэу. Ноби аращ. Мы зэманыр ар си унафэщlу пlалъэмкlэ щытхъэ пажэхэм ящыщщ. Зыкъомкlэ ар и фIыщIэщ, дауи, ди ныбжьэгъу пэжым, гуащlафlэм.

Журналист Iэщlагъэм щыдэкlуэу, Iащlэр хьэрыгъэ ди Iэщlагъэ Вильгельм и таурыхъ зыбжанэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, «Адыгэ фызыжьым и чэнджащ» жыхуиIэ тауэ и гум иреубыдэф; тхэну тIысамэ, газет напэкlуэщlи псо лэжьэгъуэ махуэ ныкъуэм кьыщlрегъэдэщф.

Умыгъэщlагъэр пlэкlыркъым абы и лэжьыгъэ кьыхэзгъэпэщыкlэри. Абы и лэжьыгъэр кьыщlедзэ зи унафэщl кьудамэм кьыпэщыт кьалэнхэмкlэ - махуэщхуэ гуэрым е цlыху щхьэхуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр гъэхьэзырыныкlэ. И лэжьэгъуэхэр кьыщысым ирихьэлIэу ар зэфlегъэкlри, абыхэм ятхахэм хопльэж, кьалэныщlэхэр пщэрыть ящещl, а махуэм ягъэхьэзыр газетым иратын хуеIуэ епIэщlэкlыу тхын е зэдзэкlын хуей щыIэмэ, апхуэдэхэми йолэжь. Зы мазидэкlыркъым Шалым кьитын хуей сатыр бжьыбэмкlэ и кьалэныр хуэди 2-3-кlэ имыгъэзащlэу.

Шал Мухьэмэд цlыху хэтыкlэ зыщlэ, нэхъыжьми нэхъыщlэми бгъэдыхьэкlэ

# Махуэ къэс

И ГУМ ИРЕУБЫДЭФ; ТХЭНУ ТIЫСАМЭ, ГАЗЕТ НАПЭКIУЭЩI ПСО ЛЭЖЬЭГЪУЭ МАХУЭ НЫКЪУЭМ КЬЫЩIРЕГЪЭДЭЩФ.

УМЫГЪЭЩIАГЪУЭН ПЛЪЭКIЫРКЪЫМ АБЫ И ЛЭЖЬЫГЪ КЬЫЗЭГЪЭПЭЩЫКlЭ-МАХУЭЩХУ ГУЭРЫМ Е ЦlЫХУ ЩХЬХУЭХЭМ ЯТЕУХУА ТХЫГЪЭХЭ ГЪЭХЬЭЗЫРЫНЫКlЭ. И ЛЭЖЬЭГЪУЭР КЬЫЩЫСЫМ ИРИХЬЭIЭУ АР ЗЭФIЕГЪЭКIРИ, АБЫХЭМ ЯТХАХЭМ ХОПЛЬЭЖ, КЬАЛЭНЫЩIЭХЭР ПЩЭРЫТЬ ЯЩЕIЩ, А МАХУЭМ ЯГЪЭХЬЭЗЫР ГАЗЕТЫМ ИРАТЫН ХУЕIУЭ ЕПIэщIэкlыу тхын е зэдзэкlын хуей щыIэмэ, апхуэдэхэми йолэжь. Зы мазидэкlыркъым Шалым кьитын хуей сатыр бжьыбэмкlэ и кьалэныр хуэди 2-3-кlэ имыгъэзащlэу.

Шал Мухьэмэд цlыху хэтыкlэ зыщlэ, нэхъыжьми нэхъыщlэми бгъэдыхьэкlэ къаухуэзыгъуэтыф лэжьакIуэщ, абы щыгъуэми фэрыщlагъ лъэпкъ Iуэхум химыльхьэу. Уэхъуэпсэн хьэл-цIэну абы хэпъхэм ящыщщ гуэрыдзэ зэн зэримыщIыр: кьэхъуащ езым кьыджьа фIыщIэр нэгъэущIым щыпlагъэсан, хуэфащэ пщlэ и гуащlэм щыщlэпэмкlэIуэжан. ИтIани Iуэхуэр зэи уэим ищlакъым.

Мухьэмэд удэлэжьэну тынщщ, ныбжьэгъуфlщ. Апхуэдэу цlыху гуапэщ и щlэщыгъуэр имыкlыу зи Iэнатlэм пэрыт, гъащlэр, бынунагъуэр, ныбжьэгъуэхэр нэхъуеиншэу фIыуэ зыльгъагъ Шал Мухьэмэд.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакIуэ.*

# Япебдзых хъунукъым

НОБЭ ДГЪЭЛЪАПlЭ ДИ ЛЭЖЬЭГЪУ ШАЛ МУХЬЭМЭД И ЗЭРАН ЗЭКlА ЦlЫХУ ЩЫЗУ СИ ФIЭЩ ХЬУРКЪЫМ. АПХУЭДЭУ ЗЫГУРЫМ ХУЖЫПlЭН ЩХЬЭКlЭ, ЗИ ГУГЪУ ПЩЫР ФIы ДЫДЭУ ПЦlЫХУУ ЩЫТЫН УЕИКЬЭ? АТlэ СЭ СИГУРЭ СИ ЩХЬРЭ ЗЭТЕльУ ЖЫСIэФынущ Мухьэмэд фIы дыдэу сцIыУ. Илъэс къуэдкlэ УщыIэдэлажьэкlэ, гупым хэт псори кьыумыщIыхункlэ, я хьэл-щыныр, я дуней тетыкlэр зыхуэдэр кьыумыщIэнкlэ Iэмал иIэжьым. Абы и закъуэжьым - псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Мухьэмэдрэ сэрэ зы жылагъуэ дыкъыщылъхуащ, дыкъыщыхуащ. Си дэлъху нэхъыжьмэ и классэгъэт, и ныбжьэгъутри, школым сыщыкlуэ лъандэрэ си нэIуасэт, ди унагъуэм нихьэу, зэIыхьлым хуэдэу дызэхущыту дыкъоГъуэгурыкlуэ.

Си дэлъхум игъэныбжьэгъу щlалэ цlыкlур дыкъэзыльхуахэми я псэм кьыдыхьэрти, ар сытым щыгъуи я щlасэт.

Школыр кьызэдаухри университетми зэгъусэу щlэтlысхьауэ щытащ си дэлъху Леонидрэ Мухьэмэдрэ, абыи щlэзэрыщIагъ, нобэр кьыздэсми зэрощlэ, зэкlэльокlуэ.

Си сабингъуэм сыхэзышэж гукъэкlыжхэм кьыхэзгъэщыну сыхуейщ шахмат рыхьыр. Апхуэдэу Мухьэмэд адыгэбзкlэ зэридзкlащ Короленко Владимир и «Шурджэ» очеркыр. Мы унэтlыныгъэмкlэ и Iэдакъэ кьыщlэжкlа апхуэдэ нэгъэущlэ лэжьыгъэхэри и щlэ Мухьэмэд.

Ди ныбжьэгъуфlым, цlыху Iэсэльасэм, псэ хьэлэлым гуапэу дохъуэхуэу узынщагъэ иIэу, и зэфlэкlыр мыкlуэщlу иджыри куэдрэ лъэпкъым хуэлэжьэну, насыпи мыухыр и унагъуэ дахэм кьихьэну, абы исхэм куэдрэ яхуэпсэну.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн,**
*«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ.*

# Псалъэм и пщIэр

КЪЫЩЫХЬУА Iуэхуэхэм ящэджэжьи щыхуейм деж публицистым и гупсысэр гъэрIэнэри щыIэ, и псалъэр щэрыуэщ. Зиlъэфыхьи хьэлъэхуlъи кьыхимыгъэкlыу ар компьютерым ирилажьэм бгъэдотlысхьэри гурыгъуаззэкlэ кьыхуоджэ теIэззщыхьыжь щымыIэу газетым традзэ зи чэзу статьям.

А илъэдэ зэфlэкlыр щlэзыыIэгъэ Мухьэмэд и адэ-анэм - кьуажэдзэ лэжьакlуэ емыязэшхэм - кьыуфlраlъха анэдэльхубзэ къуелирщ, а фlыгъэшхэр нэхъри щlэзыгъэбыдзэм щlэныгъэ щlалэм университетым кьыязэрыщlихарщ. Бзэ щэрыуэмрэ щlэныгъэ нэсымрэ я кьару зэхэпльрщ Шалым и кьалэмыпэр зыгъэжаныр.

Псалъэми гупсысэми я шхуэмылакlэр щэщlауэ зыIыгъ, и зэфlэкlым зэпымыууэ хигъахъуэу кьэгъуэгурыкlуэ ди ныбжьэгъум и кьару иIэрыгъэщ, ар зэфэну псыр кьежэхыу хуежьа къудейщ. Зылl хуэфэщэн лэжьыгъэ кьигъэтэрэзауэ Мухьэмэд и юбилейм ирихьэлIащи, тынщыгъуэрэ гуфlэгъуэрэ щымыщуэ дяпэкlэ екlуэкlыну сохьуэхьу. Щэч кьытесхьэрыкъым Шал Мухьэмэд и тхыгъэ гъэщlэгъуэнхэм «Адыгэ псалъэ» газетыр иджыри илъэс куэдкlэ зэрагъэдэхэнум.

**ТЭНАЩ Анатолэ,**
*публицист.*

# Псэ къабзэ

ШАЛ Мухьэмэд хуэдэу зи лэжьыгъэм псэ хьэлэлу пэрыт щыху гъуэгурыгъуэйщ, жыпlэмэ щыумыщну кьысщыхьу. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щылажьэзм пасэу гу льыттат а щlалэм иIэ хэлъэтымрэ бгъэдэлъ эзфlэкlыгъэмрэ. Апхуэдэу щытми, а зэчийр нэсу «кьыщlигъэгъэр» «Адыгэ псалъэм» и газетырщ.

Мухьэмэдрэ сэрэ дызэпсызыщlэр журналист Iэщlагъэм и закъуэкъым. Дэ апхуэдэуи дызэкъуэгъэщу. Си гуапэу жызоIэ Шалым кьыщlалъхуа жьлэм пщlэшхэр, нэмыс зэрыщlэр. Куба зы Iуэхуэщхьи щекlуэкlыркъым ар ирамыгъэблагъэу, и псалъэ, и гупсысэ щымыIуатэу. Куба щекlуэкlэ пажьыгъэфlэм нэхъыбэу щылгъуаз сызыщlри аращ. Апхуэдэу, иджыблагъэ къэпсалъэри кьызжиащ ди кьуажэм Щэнхабзэмкlэ унэщlэ зэрыдащlыхьыр. «Балъкъ и макъ лъэщым фlэкlа зэхэдмыкьыу кьэдрэ бгыщхьэм дытесащ, иджы абы кьыхьихьэнущ нэгъэущlмакъамэ щlэщыгъуэхэри», - гушыIащ Мухьэмэд.

ФIыуэ сыщыгъуэзащ зыпэрыт Шалым екъуlэныгъэ зэрыщlэмэри. Газетым и тхьэмадэ Хьэфlыщlэ Мухьэмэд фIыщIэ псалъэ куэд абы кужиIэу зэхьэзохри, си гуапэ мэхъу. Сыщыгъуфlыкlащ «КъБР-м щыхь зиlэ и журналист» цlэ лъапlэр а лэжьакlуэшхуэм, щыху псэ кьабзэм къыщыхуагъэфэщам щыгъуи.

«Зыпс кьыкlар зэщщ» жыхуаIэм хуэдэу, си кьуажэм ятеухуэ лъытэныгъэ и лэжьыгъэ Iэнатlэм, жылагъуэм зэрыщlэм сэри срогушхуэ.

**АФIЭУНЭ Рае,**
*УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ.*

Уэрэджыкlуэ Шал Хъусен, Мухьэмэд ипхъу ФатIимэрэ и къуэ Алимрэ.



Мухьэмэд и лэжьэгъухэм яхэту. *1990*

# ЛIыпIэ ныбжь

ДИ НЫБЖЬэГъУФIУ Шал Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъур ди гуапэщ. ЩIэщIауэ лажьэ дэтхэнэ зы щIыхуми хуэдэу, уэлэнкlыпIэ ямыгъэгъэтурэ, Мухьэмэди, мис, лIыпIэ иуваущ, гуапэу дохъуэхъу.

Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыщыгъэдежьащ Шалымрэ сэрэ. Абы лъандэрэ ар щалъ жану, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хэпльу кьоГъуэгурыкlуэ, и щIэрыпль Iуэхуэр и кlэм нэсу зэрирагъэзахуэу. Зауэ нэужь лъэхъэнэм сфlэфащ. У еблэмэ библиотекэм сыщыгъуэурэ лекцIэхэм сыщыщIэмыхьи къэхъуащ, ауэ сессиехэр хьарзынэуэрэ стырт, стипендиениши сыхъуртэкъым.

Еджэнри Iэщхьэ нэужь, фIыуэ сльэгъуа Iэщlагъэм иригъэжьэн щыщIэздзащ «Коммунист» район газетым. Нужькlэ, Адыгэ Рае и фIыгъэжьа. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зэдзэкlакlуэ сыкъащlащ. Сыныкъэ хэуа гупыр хьарзынэу кьыснепжащ, сызыщымыгъаззэу журналист лъжьыгъэм куэд хэльти, абы и щхьэхэр кьыснхэзыIуахащ. Радиом сызэрыщыIа нтъэситlым куэд кьызэтащ, Абыкlэ фIыщIэ яхуэзощ а лъэ хъэнэм сызыдэлажьа Iэщlагъэлlэм, сызыцынэтlа нэхъыщхьфlхэм.

Зэдзэкlакlуэ лэжьыгъэри хьарзынэт, ауэ си сызыщIэхъуэпсамрэ сызыпэрыпмрэ зэтехуэрэтэкъымри, си псэр псэхуртэкъым. Аратти, «Адыгэ псалъэр» («Ленин гъуэгур») журналист лэжьакlуэ хуей зэрыхъуу, занщIэу сыкъэувауэ щытащ.

Абы лъандэрэ илъэс 40-м нэс дэкlащ. Сэ зы дакъикъи сыхуцIегъуэжакъым а Iэщlагъэр кьызэрыхэсхамкlэ. Газетым нIэу кьыщIэкlынкъым сэ сыщымылажьэ кьудамэ, сыщыдыкуа республикэм и кьалэ, кьуажэ псомэ, цlыху хьэлэмэт зэрыхьуу, занщIэу сыкъэувауэ щытащ.

Абы лъандэрэ илъэс 40-м нэс дэкlащ. Сэ зы дакъикъи сыхуцIегъуэжакъым а Iэщlагъэр кьызэрыхэсхамкlэ. Газетым нIэу кьыщIэкlынкъым сэ сыщымылажьэ кьудамэ, сыщыдыкуа республикэм и кьалэ, кьуажэ псомэ, цlыху хьэлэмэт зэрыхьуу, занщIэу сыкъэувауэ щытащ. Мы Iэнатlэм сэ сыщIрихьэлIащ икlи сащыдэлажьащ (ноби аращ) журналист гъэзэджэ куэдым, щыгъуэтащ зэхэщlыкlрэ гупыгъэрэ. Гуауэ сиlаз си лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм кьызэдагъэшащ, гупыгъэрэ сызэрыщlагъэм, фэелъ сыныр хэпльагъуКlыжьыгъэкlым. Ар сльэгъуа нэужь, си жагъуэ хъуат ди пъэпкъыпl щджащэм и фэелъым абы фlэкlа пщlэ зэримыIэр. Статьяр газетым кьыпехуа нэужь, ефIуаем мазПетр, нэгъуэщlэмэ. Ахэращ сэ тхылъыр фlыуэ сэзыгъэгъэпlэуар, лъэпкъ Щэнхабзэмкlэ дэт унэм и бжэIупэм ягъэIэпхуащ, нужькlэ, Кьрыт едджапlэ № 2-р. Iуэхуэри, абы и щIантlэм щагъэзыбауэ ноби абы дзщ. А Iуэхугъуэм и ужькlэ «Коммунист» газетым сыкъаригъауэ щытащ штатным хэмыт я корреспондент.

**- Кьызэрыщlэкlымкlэ, курыт школыр кьыщыбухам щыгъуэ зэ кьыхуиджIэт узыхуежьэну Iэщlагъэр?**

- Нтlэ. Ат естатыр кьызэрыслэрыхьауэ, сэ си дэфтэрхэр Москва МГУм и журналистикэм кlэ и факультетым езгъэхьащ, арщхьэкlэ кlэщlу письмо кьызсIэрыльхэращ, а Iэщlагъэм сыхуеджэн щхьэкlэ лэжьыгъэ сгъакlуэ щытащ сиlэт сиlэн хуеину. Кьыхсуачэкьыжа си тхылъэр КъБКъУм и тхыдэ-филологие факультетым естащ. Кьэпщынтэнигъэкlэ екъуlэныгъэкlэ ста нэужь, гъэщlэгъуэн хуэд зыпыlъа студент гъащlэ хьэлэмэтым щIидзащ. Пэжыр жыIIэнуэ, фIы дыдэу еджэн-хэм сахэтакъым, ауэ кьыкlэхьрыхэми сащыщакъым. Тхьыгъеджэныр сыт щыгъуэ къаухуэа дэтхэнэ зыми хуэдэу, Мухьэмэд сабингъуэ тынщ иlакъым. Гугъу екъащ ар и студентыгъуэми. Куба щекlуэ махуэ кьэхъ укъыкlуэ Iуэдэжьи кьукlэ хьэлъэт, арщхьэкlэ Iугъуехьхэм кьапикIуэту емыса щlалэр я псоми пэлъэщащ, еджэнри адэ-анэм ядэIэпыкъуэри мыбейуэ зэфlихьу.

Илъэс къуэщрихьэкlащ Мухьэмэд «Адыгэ псалъэ» газетым, кьалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зэрихъуэкlыу, псэемыблэжу лъэпкъым хуэлажьэу. Ноби аращ. Мы зэманыр ар си унафэщI пlалъэмкlэ щытхъэ пажэхэм ящыщщ. Зыкъомкlэ ар и фIыщIэщ, дауи, ди ныбжьэгъу пэжым, гуащIафlэм.

Журналист Iэщlагъэм щыдэкlуэу, Iащlэр хьэрыгъэ ди Iэщlагъэ Вильгельм и таурыхъ зыбжанэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Адыгэ фызыжьым и чэнджащ» жыхуиIэ тауэ и гум иреубыдэф; тхэну тIысамэ, газет напэкlуэщI псо лэжьэгъуэ махуэ ныкъуэм кьыщIрегъэдэщф.

Умыгъэщlагъэр плъэкlыркъым абы и лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкlэри. Абы и лэжьыгъэр кьыщIедзэ зи унафэщI кьудамэм кьыпэщыт кьалэнхэмкlэ - махуэщхуэ гуэрым е цlыху щхьэхуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр гъэхьэзырыныкlэ. И лэжьэгъуэхэр кьыщысым ирихьэлIэу ар зэфlегъэкlри, абыхэм ятхахэм хопльэж, кьалэныщlэхэр пщэрыть ящещI, а махуэм ягъэхьэзыр газетым иратын хуеIуэ епIэщlэкlыу тхын е зэдзэкlын хуей щыIэмэ, апхуэдэхэми йолэжь. Зы мазидэкlыркъым Шалым кьитын хуей сатыр бжьыбэмкlэ и кьалэныр хуэди 2-3-кlэ имыгъэзащlэу.

Шал Мухьэмэд цlыху хэтыкlэ зыщlэ, нэхъыжьми нэхъыщlэми бгъэдыхьэкlэ къаухуэзыгъуэтыф лэжьакIуэщ, абы щыгъуэми фэрыщlагъ лъэпкъ Iуэхум химыльхьэу. Уэхъуэпсэн хьэл-цIэну абы хэпъхэм ящыщщ гуэрыдзэ зэн зэримыщIыр: кьэхъуащ езым кьыджьа фIыщIэр нэгъэущIым щыпlагъэсан, хуэфащэ пщlэ и гуащIэм щыщlэпэмкlэIуэжан. ИтIани Iуэхуэр зэи уэим ищlакъым.

Мухьэмэд удэлэжьэну тынщщ, ныбжьэгъуфlщ. Апхуэдэу цlыху гуапэщ и щlэщыгъуэр имыкlыу зи Iэнатlэм пэрыт, гъащIэр, бынунагъуэр, ныбжьэгъуэхэр нэхъуеиншэу фIыуэ зыльгъагъ Шал Мухьэмэд.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакIуэ.*

# Щlэнгъуаэзм идогъэщхь

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» дыкъыщыыувам япэу нэуасэ тхуэхъуар Шал Мухьэмэщ. Ар цlыху кьыззэрыгуэкlыу, нэхъыжьхэми нэхъыщlэхэми яхуэзэрыгуэкlыу, нэхъыжьхэм кьытхуэхъуар Мухьэмэд. «Псори ящlэу зыри щыIэкъым, Iэужми уэхъэгъэн папщlэ зэманрэ егугъыныгъэрэщ псом япэу узыхуейри, фемызэщу щlэ хуэ зэрыщфlцIэным яужь фит», - кьыджинIэуэрэ, дызыпэрыхьа Iэнатlэм дытригъэгушхуащ. Абы упщlэ гуэркlэ зыхуэбгъазащ, эзи унгъащlэжьунукъым, сытым дежи щхьэпагъ кьызыхэпхьи гуэрхэмкlэ кьыздэгуащlэу ноби кьыздэгуащlэу.

Зы махуи дэкlыркъым Мухьэмэд ди пэщым кьыщlэмыхьэу, кьытщlэмыпщlэу. «Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ кьудамэм сыт фи узынщагъэ, сытым фелэжьрэ?» - жиIэу ар кьыщlыхьэурэ ди гуапэ кьещl.

«Фэ фызщlалэщ, лъэпкъ газетыр кьуэдкlэ кьыкфщогуэрри, сыт хуэдэ Iуэхумри фыщlымыщтэу, жыджэру фыбгъэдыхьэ», - кьыджиеIэ Мухьэмэд, ахъуэ щlыкlэкlэ гушхуэныгъэ кьыхтехьхьэ. Iуэхущlэкъым Мухьэмэд и лэжьакlуэхэм абы и псалъэхэр сэбэпышхуэ кьытхуэхъу.

Iуэгурыкlуэм т ету Iуэху куэд зэфlегъэкlжыхуаIэ цlыхум хуэдэщ Шалыр. И лэжьыгъэм зэрыхуэIэзэр абы игъуэжьмэ, ар журналист кьызэрыгуэкlыу пкуыжьнукъым. Арауэ кьыщlэкlынщ, редакцIэм щlэуэ зыгуэр кьытхуьхьаме е хьэщlэ гуэр кьыгтхуебгъгъаме, газетым и редакцIэр нэхъыщlхьэ Хьэфlыщlэ Мухьэмэд и лэжьакlуэхэм абы щригъэщlыкlэ, Шалым и цlэм «щlэнгъуаэз кьэзыкlухь» жиIэу щlы

## Япэ Адыгэ театрыр илъэси 100 ирокъу

Гулэ и ролыр зыгъэзэщIа актрисэр.

Адыгэ дзэгуакIуэ.

# Кушыку Iуэзв зэрытеуар

**Адыгэ Республикэм и хэку музейм и фондым хэль сурэт 50-м щIигъур щыхьэт тохъуэ Адыгэ театр 1908 гъэм бжьэдыгъукIалэ (иджы Краснодар) зэрыщIам. Абы кIигъэльагъуэу щытащ лъэпкъ хабзэхэр, Iуэрыуатэр зи лъабжьэ спектаклхэр.**

1908 ГЪЭМ щIыщылэм и 18-м къыдагъэкIа «Шэрджэс программэм» зэрыжиIэмкIэ, а махуэм и пщыхьэщхьэм Адыгэ театрым кIигъэлъэгъуащ:

1. «ЗауэлIхэр зекIуэ зэрэжьэ» теплъэгъуэр;

2. «Хьыджэбзхэм зауэлIхэр зэрагъэшэсыж» пычыгъуэр;

3. Зауэм хэкIуэда и къуэм щхьэкIэ анэм и псалъэ» теплъэгъуэр, нэгъэщIхэри.

А едзыгъуэхэр зытхам и сурэтыр кьэна щхьэкIэ, и цIэмрэ и унэцIэмрэ къытхуэщIакъым. ЗэрыжаIэжьымкIэ, абы режиссерым и кьалэнхэри игъэзащIэу щытащ.

Театрым дэIэпыкъуэгъуэ иАр «Адыгэ ФыщIэ Хасэрат». Спектаклхэм ирахьлIэ декорацихэр я Хасэм къыхэригъэпэщыну, ауэ фащэм и нэхъыбэр езы артистхэм зэхуахьэсыжьыну я кьалэнт.

Театрыр зэрыджэгур адыгэбзэт. Спектаклхэр нэгъэщIэщIэпкъхэм щыщхэм кьагурыIуэн папщIэ, либреттэр урысыбзэкIэ щыдгъэзэкIырт.

1914 гъэм мазаем и 2-м адыгэхэм ягъэлэгъуащ «Кушыку Iуэзв (Азов) зэрытеуар» жыхуиIэ спектаклыр. Пьесэр зытращIыкIыжар Iуэрыуатэрщ. Тырку сультIаным и генерал Къасай Пашеи Iуэзв кьалэ Iэтащхьэу кьагъакIуэ. Бесльэней щыжьк Iуэрым дж ар хьэщIэу щыIэу, а пщыжьым ипхъу Гулэ кьелъагъу.

Тырку генералым мурад ешI Гулэ Истамбыл ишну. АрщхьэкIэ адыгэ пщащэм и адэм ар Азакъ Пашесим хуидэркьым. Гулэ фIыуэ ильагъур Кушыкущ. «ФIыуэ зэрыльагъуитIым я къуэпс зэпыбдыну гуэныхьщ», - жи лIыжьым. ЩIымыхьжьым, Азакъ Пашеи мылькуиIэ кьегъэIуэу адыгэ щIалэ Гъэпщакъ Iуэ. Ар Гулэ дж жэщу кьокIуэри, пщащэм жреIэ:

- Сэ уи дж Кушыку сыкъыгъэкIуащ. Абы апхуэдизкIэ фIыщIэу укьельагъури, узэрыщIэу зы махуи псэуфынукъым. НакIуэ, нежьэ. Уи адэми зыри жиIэнкъым.

Гулэ арэзы мэхъу.

Гъэпщакъуэр и гъуэсу унэм кьыщIокIуэсыкIри, пщащэр мэшэс, Кушыку деж яхь кьыфIэщIу. АрщхьэкIэ Гулэ кьыщIохуэтэ Азакъ Пашеи и унэм... Дыщи налкъутри генералым кьрет Гулэ, арщхьэкIэ абы тыркур зыбгъэдигъэхьэркьым. ФIыуэ ильагъу Кушыку щIэгупсысуэр мэгъу,мэгъуI.

Кушыку шу гуп егъэшэри, Iуэзв макIуэ. Генералым и аскэрхэр зэтраущIатэри, кьалэр кьащIэ. Кушыку щIолъадэ езы Азакъ Пашеи зыщIэс унэм. Тырку генералыр фокIэщIым iопхъуэ, арщхьэкIэ Кушыку сэшхуэкIэ iоуэри, ар еукI.

Iуэзв мафIэ щIадэрэ, адыгэхэм Гулэ я гъуэсу кьагъэзэж.

Псыжькъэсжьажьуэ тырку пхъэрэкэр кьакIэльэс. Зауэщхуэм адыгэхэр хокIуадэ, Кушыкуэр Гулэрэ фIэкIа кьэмыпэу. Тырку хэр къыщебгъэрыкIуапэм, фIыуэ зэрыльагъуитIым Псыжь зыхадзэж...

А хьыбарыр XIX лIэщIыгъуэм куэдым ятхыжауэ щытащ. Хьан-Джэрии, Стали, Дубровини кьаIуэтэжащ ар.

Иджы, дауи, гугъущ а зэманым ягъэлъэгъуэ спектаклхэм, артистхэр зэрыджэгуфу щыта щIыкIэм утепсэлъыхьыну, ауэ, апхуэдизу щыт пэтми, сурэт кьагъэнахэм зыкъом кьаIуэтэж. Мизансценэхэм, декорацхэм, пьесэм хэтхэм я фащэхэм, я гримым кьыжаIэ я спектаклхэм Iэзагъэ зэрыкъэлар.

**АБЫКЪУМухьэмэд.**

Адыгэ театрым щыджэгуаэхэмрэ абыхэм кьадэIэпыкъуэхэмрэ. *1908 гъэ*

## Щэнхабзэмрэ гъуаджэмрэ

### Тарковский Андрей и цIэкIэ

***Накьыгъэм и 26-м щыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 1 хьухУ Ивановскэ областым щекIуэкIащ Тарковский Андрей и цIэр зезыхьэ «Гъуджэ» II Дунейпсо кинофестивалыр. Ар кьыхэзгъэпэщащ Урысей кинематографыр ильэсхи 100 зэрырикъум и щIыхь.***

АБЫ ХЭТАЩ кьэрал 37-м и лэжьыгъэ 140-рэ. Фильмхэм нэмыщIауэ зэхьэзэхэуэм утыку кьыщрахьащ кинопрограммэ куэд, псальэм папщIэ, «Урысей кинор ильэсхи 100 щрикъум иригъэлIэу», «Голливуд и гъунапкъэхэм химыуфыдэ кино», «Ди киноущIэ» жыхуиIэхэр, нэгъэущIхэри. ВГИК-м и иджырей студентхэм ягъэ льэгъуащ «Тарковский Андрей мыбы щеджащ зыфIащар. Фестивалым хэтахэр ильащ Тарковскэм и «Андрей Рублев» фильмым, «Мосфильмым» кьыщагъэщIэрэщIэжам.

### Хьэпшыпхэр я хэкум мэкIуэж

***Иракым и цIыхубэ музейм иджыблагъэ зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Сиринем и властым и лэжьакIуэхэм Багдад дэт музейм пратыжащ Саддам Хьусеин и къулыкъум щытрагъэхIам щыгъуэ абы щIадыгъукIауэ щыта уасэшхуэ зиIэ хьэпшыпхэр. Сиринем и унафэщIхэм щIэпхъаджащIэхэм кьытрахыжащ уасэшхуэ зиIэ къамэхэр, дыщэ пщэхьуэхэр, нэгъэущI куэдрэ.***

МУЗЕЙМ щIэльа хьэпшыпльапIэхэм ящыщ куэд кьекIуэлIэжащ мыбы, ауэ, ЮНЕСКО-м кьызэригъэпагъуэмкIэ, хьэпшып мини 7-м нэсым иджыри я лъэужь техьакьым. Абыхэм щыщу 40-50-м хуэдизыр дунейпсо мыхьэнэ зиIэхэщ.

Иракым Туризмэмрэ археологиемкIэ и министрым и кьулыкъуэр зыгъэзащIэ Арейби Мухьэмэд Аббас и мурадщ зэман благъэм Иорданием кIуэу абы и цIыхухэр Сиринем и щапхъэм иригъэкIуэну кьыхуриджэну.

### Таксистхэм папщIэ концерт

***Американ скрипач щIэрыIуэ Кевин Фридман Нью-Йорк-Либерти штатым и аэропортым и гъунэгъуэ щыт таксистхэм я къувыIэпIэм сыхьэт ныкъуэ хьу концерт пщIэнщIэу щитащ.***

АР КЪЫЗЫХЭКIАР музыкантым и гуфIэгъуэрщ. Даллас концерт щиту кьэльэтэжа музыкантым аэропортым кьыхэрикIыжа таксим кьринат Страдивари и скрипкэр, 1723 гъэм нэмыцэ композитор икIи скрипач гъуэздэжэ Кизеветтер Кристофэ щхьэкIэ ищыгъар. Филипп гуэавэри хабзэхьэмэ Iэнатlэу щыIэ псори зыщIигъэхьащ. Арщхьэкlэ таксистыр кьалыхьуэн хуей хьэуакъым: абы пщэдджыжым Квинт Филипп кьигъэтри и Iэмэпсымэ льапIэр кьриттьащ.

Зи гуфIэгъуэм гъунапкъэ имыIэ музыкантым щIалэм ахъшэ саугъэт иритащ, Карнеги-холл щитыну и концерт гъунэгъуэм зэрыкIуэн биле тхэмкIэ и унагъуэм хуэпсащ. Ныоарк кьалэм кьыбгъэдэкI медали кьыхуагъэфэщащ Iуэхугъэу дахэ зылъэкьа цIыху пэжым.

### «Музейхэм я жэщхэр»

***Дунейпсо проектым хьыхэгу Белоруссием и ЦIыхубэ художественнэ музейм кьыщыгъэрагъэпэща гъэлъэгъуэ-ныкъуэм хэтащ Пикассо Пабло и IэдакъэщIэкIхэм щыщ. Тепщэч, фальэ, вазэ, кхъуэщым жьипIэмр, лэжьыгъэу 38-р е езы Пикассо ейщ, е абы и нэIэм щIэту ящIауэ щытащ.***

АПХУЭДЭУИ музейм кьэкIуахэм Iэмал яIащ Пикассо Пабло фIыуэ ильагъуэ, сурэт зытрищIыкIыщ щыта Рок Жаклин и теплъэр кьызытещ пано щIэрыIуэр эрагъэльагъуну.

*Зыхуэзыхьэсар*
ИСТЕПАН Залинэщ.

## Хьуэхъу



***Лэскэн районым хьыхэ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу Къумыкъуэр Хьэсэнбийрэ Женярэ зэрызэдэпсэуэр нобэ илъэс 55-рэ ирокъу***

Ди адэ-анэр гъащIэ гъуэгум тыншу ирикIуауэ пхужыIэнукъым. Учетчикыу лэжьэн щIидзат ди адэм, иужькIэ ар «Лескен» совхозым и бухгалтеру илъэс куэдкIэ щытащ. Ди анэм педагогикэ училищэр кьиухат, итIани ар губгъуэм псэемыблэжу илэжьхьыащ, кьуажэ библиотекэми кьулыкъу щищIащ. Ди анэм хуэзэфIэкIырт зыбгъэдэс ди анэшхуэ-адэшхуэм щIэ яхуищIын, зыхуей хуигъэзэн. Дэ тщIэжьрыкъым зэгуэр абыхэм я губгъэн мамэ кьихьауэ.

Ди адэ-анэм бынитI - щIалихэр хьыджэбзитIра - дапIащ, псоми щIэныгъэ кьыдатащ, я къуэхэм дзэм кьулыкъу щIагъащIэри, псори унагъуэу ягъэтIысыжащ. Къуэрылъху-пхъурылъхуу 16, абыхэм кьалъхужаэу 10 яIэщ ди адэ-анэм, я бынхэм щыщу 5-р, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм щыщу 4-р Iэщlагъэ и лъэныкъуэкIэ адэм, адэшхэм я хьагъуэ ирикIуащ.

Дыхуейт адэ-анэ Iумахуэхэм, адэшхуэ-анэшхуэ Iущабэхэм я махуэ лъапIэмкIэ дехьэхъуну. Нобэ хуэдэу фызэкъуэту, фи щIэблэм я ехьулIэныгъэм фыщыгуфIыкIыу, фызыщIэхъуэпсыр кьывэхъулIэу, гущхуэныгъэмрэ узынщагъэ быдэмрэ фи Iэпэгъуэ фи жьауэм дэ псори дыщIэту 1 хьэм куэдрэ фыгъхуигъэпсэу.

***Фи быныхэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ, абыхэм кьалъхужахэр, фи малъхъэхэмрэ нысэхэмрэ.***

## Алыдж-урым бэнэкIэ

# Чыл Казбек и текIуэныгъэ

**Накьыгъэм и 23-25 махуэхэм Болгариемрэ щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щыбзнащ къэралибгъуэм къикIа спортсмены 115-рэ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыбзнащ ди лъэпкъэгъу, Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм щыпсэу Чыл Казбек. Килограмм 63-рэ зи хьэльагъхэм я гупым абы кьыпэлъэщын къахэкIакъым. ИригъэкIуэкIа зэIущIэ псоми щытекIуэри, Казбек зэхьэзэхуэм и фыщэ медалыр кьихьащ.

Чылыр егъаэ дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Дол Руслан. Ди гуапэщ Казбек и текIуэныгъэ куэд дяпэкIи тлъагъуну.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

## Музыкэ театр

**Проектыр зейр Хореографыр Макъамэр Щыгъынхэр Сценографиер**

**Сэралъп Робертщ Цопанов Аланщ Увыж Анзорщ Сэралъп Мадинэщ Урыс Вячеславщ**

## Си Къэбэрдей-Балъкъэр

Апхуэдэ фIэщыгъэщIэм щIэту КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм ирегъэкIуэкI унагъуэхэм я республикэ зэхьэзэхуэ. Абы нэхъыфIу кьыщIальытэр Урысейм и Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и унагъуэ нэхъыфIэр щыгъэпсэуну «Урысейм и унагъуэ» фестиваль-зэхьэзэхуэм хэтыныр.

Зы унагъуэм щыпсэу цIыхухэр зыхэт гупым и зэфIэкIыр игъэльагъэуэн хуейщ мыпхуэдэ IуэхугъуэхэмкIэ:

- цIыхубэ уэрэд гъэзэщIэн;
- цIыхубэ кьафэ гъэзэщIэн;
- декоративно-прикладной къэзэрыгъэпэщащэ ауэ ирагъэкIуэкI. Абы щыщу Урысейм и Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и унагъуэ нэхъыфIэр щыгъэпсэуну «Урысейм и унагъуэ» фестиваль-зэхьэзэхуэм хэтыныр.

## Унагъуэхэм я зэхьэзэхуэ

Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм ирегъэкIуэкI унагъуэхэм я республикэ зэхьэзэхуэ. Абы нэхъыфIу кьыщIальытэр Урысейм и Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и унагъуэ нэхъыфIэр щыгъэпсэуну «Урысейм и унагъуэ» фестиваль-зэхьэзэхуэм хэтыныр.

Зы унагъуэм щыпсэу цIыхухэр зыхэт гупым и зэфIэкIыр игъэльагъэуэн хуейщ мыпхуэдэ IуэхугъуэхэмкIэ:

- цIыхубэ уэрэд гъэзэщIэн;
- цIыхубэ кьафэ гъэзэщIэн;
- декоративно-прикладной къэзэрыгъэпэщащэ ауэ ирагъэкIуэкI.

Мы Iуэхум ехьэлIа псори кьыщыбгъуэтыфынущ www.smkbr.ru сайтым.

ЛъэIу тхыльхэр КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм (Правительствэм и унэ, Лениным и уэрам, № 27) кьыщыIах мэкъуауэгъуэм и 15 пщIондэ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **47-36-50**.

## Гу зылъытапхъэ

# Курыт еджапIэр къэзыуххэм яхуэгъэзауэ

**«Театр гъуазджэмкIэ Урысей Академие - ГИТИС» егъэджэныгъэмкIэ федерал къэрал Iуэхущапlэм щIэтIысхьэну хуей ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ министерствэм кьызэрегъэпэщ, Еджапlэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэну зи насып кьикIыну щIалэгъуалэр республикэм и бюджет ахъшэкIэ ирагъэджэнущ.**

ТЕАТР гъуазджэмкIэ Урысей Академием (РАТИ) щеджэну ягъакIуэ цIыхуи 4: «Драмэ театрымрэ киномрэ я артист» - 1 цIыху, «Музыкэ театрым и артист» - цIыхуи 2, «КъэфакIуэ» - 1 цIыху.

Зэхьэзэхуэм уэхтым щхьэкIэ узыхуейр лъэIу тхыльрэ ЕГЭ-м урысыбзэмкIэ кьыщыпхъа баллыр кьыщыгъэлъэгъэнымрэщ.

Бадзэуэгъуэм и 1-м зэпеуэм кьыщыхьаха ныбжьыщIэхэм Театр гъуазджэмкIэ Урысей Академием экзаменхэр щатынущ.

Академием щIэтIысхьэн щхьэкIэ я т экзаменхэр:

***Драмэ театрымрэ киномрэ я артист (махуэрыеджэну, заочнэ):***

1. Актер Iэзагъэр
2. Коллоквиум
3. Литературэ (сочиненэ)

***Музыкэ театрым и артист (махуэрыеджэну):***

1. Актер Iэзагъэр
2. Уи закъуэу уэрэд жьыIэныкIэ
3. Коллоквиум
4. Литературэ (сочиненэ)

***КъэфакIуэ (махуэрыеджэну):***

1. Балетмейстер Iэзагъэр
2. КьафэмкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIкIэр
3. Коллоквиумрэ музыкэмкIэ иIэ щIэныгъэмрэ
4. Литературэ (сочиненэ)

ЛъэIу тхыльхэр КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ министерствэм (Правительствэм и унэ, Лениным и уэрам, № 27) кьыщыIах мэкъуауэгъуэм и 15 пщIондэ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **40-31-49**, **47-36-50**.

## Егъэджэныгъэ

# Къафэм дехьэх

**Дэнэ щыпIи хуэдэу, щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ щыIэзрагъэгъуэт Iуэхущапlэу ди республикэм итхэм мы махуэхэм и гуащIэгъуэу щокIуэкI кьыIэраух экзаменхэр.**

АПХУЭДЭ Iуэкуэхэм хэтщ Гъуазджэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым (СКГИИ) и театр факультетым и адыгэ, урыс актер студиехэр мы гъэм кьэзыух ныбжьыщIэ хэри. Накьыгъэм 29-м Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым щекIуэкIащ къэфэнымкIэ абыхэм я экзаменыр. Ар Iыхьынтlу зэхэтащ. Апэ Iыхьэм актер ныбжьыщIэхэм ягъэзащIащ XVI-XVII, XIX лIэщIыгъуэхэм ещыта европей къэфэкIэ лIэужьыгъуэхэу павана, менуэт, полонез, франджы кадриль, галоп, вальс хуэдэхэр. Лъэпкъ къэфэкIэхэм хуэхаха етIуанэ Iыхьэри хьарзынэу кьайхьулIащ абыхэм. Апхуэдэт, псальэм папщIэ, адыгэ студиер кьэзыухъуреихьащ **Куэтديانэ** игъэзэщIа «Цыджан кьафэр», **Хьупэ Марианнэ** и «Фламенко»-р, розм зэрыгъуэ кьыщыфа «Сапатеадо», «Довлурн» теплъэгъуэ хэр, ермэлы, аджар, курджы, осетин, молдаван къэфэкIхэр. Къаззэхуэсахэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ **Щоджэн Алимрэ Хьупэ Марианнэрэ** игъэзэщIа «Адажио-м, **БжьыкIыий Панрэрэ Бэджий Зауррэ** «Уэркъ кьафэ» кьыззрыздэфам, **Шакъ Iэсиятрэ Хьэмокьуэ Олегрэ** я «Зэпсэльэныгъэм», **Ешхуэديانэ**сым игъэува икIи игъэзэщIа ермэлы лирикэ кьафэм.

УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, СКГИИ-м и профессор **Тепуэ ж СультIанрэ** (адыгэ студие) УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей драмэ театрым и художественнэ унафэщI **Шыбзыхьуэ Басиррэ** (урыс студие) я гъэсэн ныбжьыщIэ хэм я зэфIэкIыр кьаIущIагъэ актер Iэзагъымкlэ СКГИИ-м и кафедрэм и унафэщI, КъШР-м щIыхь зиIэ и артистэ **Батькъэр Тамарэ**, «Кабардинка» кьэрал къэфакIуэ гупым и художественнэ унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Атэбий Игорь**, СКГИИ-м хореографиемкIэ и егъэджакIуэхэм. Зи зэфIэкI утыкум кьызыхьа студентхэр къэфэкIэм хуэзыгъэсар СКГИИ-м хореографиемкIэ и кафедрэм и доцент, КъБР-м и цIыхубэ артистэ **Кьардэн Еленэщ**.

**НЫБЖЬЫЩIЭ Тамэ.**

## Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмтеатрым адыгэ къафэмкIэ зэпеуэ дахэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и районхэм, кьалэхэм кьикIа ныбжьыщIэхэр гупи 10.

# Ныбжьыщlэхэр утыку кьрашэ

**Япэу йокIуэкI**

КЪЭНЖАЛ зауэр зэриухрэ мы гъэм илъэс 300 зэрыхьум, Куржы-абхъаз зауэм абхъазэм Текlуэныгъэр кьызэрыщахьрэ илъэс 15 зэрырикъум ирихьэлIэу зэпеуэ-фестивалыр кьызэригъэпэщащ Абхъазым щызэуахэм я зэгуэхьэныгъэм.

Пасэрей адыгэхэм я кьэфэкIэ дахэр щIэбгъэзащIэ щIымыгъэгъупщэным хущIэкъуу кьрахьэжьа Iуэхум кьыхэуваш Афганистаным щызэуахэм я ветеранхэм я союзыр, «Зэрджэс Конгресс» зэгуэхьэныгъэм хэт щIалэхэр, «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и тхьэмадэ Iутlыж Мэжид сымэ.

Зэпеуэм и кьэпщытакIуэ гупым хэтхэр Iуэхум фIыуэ зэхэщIыкI защIэу зэхуащIсат. Ахэр набдзэгубдзапIъэ зыкIэлъыпIъа кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэм кьагъэлъэгъуэ зэфIэкIым ельытауэ увыпIэхэр хуагъэшащ. Ауэ мы зыгъуэгукIэ утыку кьрахьа кьэфакIэм нэсу арэзы кьимыщIа кьэпщытакIуэхэр зэгурыIуэри, япэ увыпIэр зыми иратакьым, етIуанэ увыпIэр КъБКъУ-м и «Кьафэ» ансамблымрэ (балет мейстерыр Атэбий Игорщ), КъШР-м и Хьэбэз районым кьикIа кьэфакIуэ гупымрэ (Бекъазий Iэдэм) зэдагуэщащ. Ещанэр хуагъэфэщащ КъБКъМА-м и «Синдхэр» кьэфакIуэ гупымрэ (Битокъу Анзор) «Кавказ пщэпльхэр» гупымрэ (Тхьэмокьуэ Мартин). Апхуэдэу «Солист нэхьыфI» унэтIыныгъэм пашэныгъэ кьыщахьащ КъШР-м и кьикIа пщащэмрэ Дзэлыкъуэ районым щыщ щIалэмрэ.

Зэпеуэм щытекIуэри, зэхэщIыкIыгъэ кьэфакIэмкIэ ягъэпэжащ.

- Мы илъэсым япэу кьыззэдгъэпэщауэ аращ фестивалыр, - жиIэ Абхъазым щыщ зэуахэм я зэгуэхьэныгъэм хэт Шорэ Анзор. - Абы и кьалэн нэхьыщхьэу дгъэувар ди адэжьхэм кьытхуагъэна хабзэ дахэхэр, зыIыгъыкIэ екIуэ, утыку итыкIэ дахэр зыщыдмыгъэпэщыпхьырщ, ар щIэблэм яхэпщэныкIэ тлъэкI къэдмыгъэнэныр щ.

Зэпеуэм япэу зыкьыщыгъэлъэзэгъуэ ныбжьыщIэхэм я щыуагъэуэкIэ зыгъэзащIэ нэхьыщ, ар щIэблэм я гъэпщэныкIэ тлъэкI къэдмыгъэнэныр щ.

Зэпеуэм я кьэфакIуэ гупымрэ (Бекъазий Iэдэм) зэдагуэщащ. Ещанэр хуагъэфэщащ КъБКъМА-м и «Синдхэр» кьэфакIуэ гупымрэ (Битокъу Анзор) «Кавказ пщэпльхэр» гупымрэ (Тхьэмокьуэ Мартин). Апхуэдэу «Солист нэхьыфI» унэтIыныгъэм пашэныгъэ кьыщахьащ КъШР-м и кьикIа пщащэмрэ Дзэлыкъуэ районым щыщ щIалэмрэ.

Зэпеуэм щытекIуэри, зэхэщIыкIыгъэ кьэфакIэмкIэ ягъэпэжащ.

- Мы илъэсым япэу кьыззэдгъэпэщауэ аращ фестивалыр, - жиIэ Абхъазым щыщ зэуахэм я зэгуэхьэныгъэм хэт Шорэ Анзор. - Абы и кьалэн нэхьыщхьэу дгъэувар ди адэжьхэм кьытхуагъэна хабзэ дахэхэр, зыIыгъыкIэ екIуэ, утыку итыкIэ дахэр зыщыдмыгъэпэщыпхьырщ, ар щIэблэм ях